

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Di Tatar Sunda, tegesna di Kabupatén Sumedang, kasenian kuda rénggong téh jadi kareueus alatan geus jadi asét budaya. Kasenian kuda rénggong mangrupa salasahiji idéntitas nu jadi cicirén has anu kakoncara, sarta nyangkaruk dina hirup kumbuh masarakat Sumedang. Ieu hal jadi hiji indikator positif éksisténsi urang Sunda sabab éksistensi hiji bangsa bisa lana nalika éta bangsa miboga idéntitas anu kuat (Gustianingrum & Affandi, 2016).

Kuda rénggong téh minangka salasahiji seni pintonan hélaran nu asalna ti Kabupaten Sumedang. Kecap rénggong mangrupa *metatesis* tina kecap ronggég anu hartina kamonésan (kaparigelan) cara leumpang (mincid) kuda anu dilatih ngigel nuturkeun wirahma tatabeuhan, biasana nu didominasi ku sora tanjidor atawa sora kendang. Ieu kasenian téh mindeng digunakeun pikeun hiburan arak-arakan (helaran) budak karia atawa budak anu rék disunatan, ngabagéakeun tamu kahormatan, ngareuah-reuah poé istimewa, festival jrrd. Kuda renggong téh baheulana mimiti medal di desa Cikurubuk, Kecamatan Buahdua Sumedang. Harita mah kuda rénggong téh disebutna *kuda igel*.

Kuda téh saéstuna gedé pisan jasa jeung mangpaatna pikeun manusa. Tanagana bisa dipaké pikeun mantuan jeung ngurangan tanaga manusa, boh dipaké pikeun tunggangan lumampah jauh, boh dipaké narik karéta jeung babawaanana, malah sok dipaké deuih dina perang (Kosasih, 2017, kc. 16–17) . Hal ieu diwewegan ku (Rahmawati spk., 2023, kc. 98) yén kuda téh geus jadi sato nu dikukut ku manusa lantaran kuda mangrupa sato anu parigel. Ku kituna, kuda miboga fungsi nu loba kayaning: alat transportasi, seni, olahraga, atawa sato ingon-ingon (Andrianto spk., 2018)

Bukti séjén yén kuda téh dalit jeung manusa lian ti loba fungsina, kuda ogé kapanggih dina wangun paribasa Sunda, saperti *adéan ku kuda beureum* (ginding ku barang meunang nginjeum), *ngalintuhan kuda kuru*, *ari geus lintuh nyépak* (nulungan jalma nu sangsara tapi ari geus jugala kalah nyilakakeun atawa

nganyenyeri), jeung *kawas kuda leupas ti gedogan* (ngarasa bébas sabada lila dikurung). Aya ogé anu kapanggih dina wangun sisindiran saperti ieu dihandap.

*carulang dipahpral kuda
héjo deui héjo deui
rék mulang samar kaduga
nénjo deui nénjo deui*

Anu pihartieunana, nyaritakeun jalma nu rék mulang tapi ngarasa beurat atawa tibelat ka anu ditinggalkeunana, nepi ka nénjo deui nénjo deui ka tukang.

Ku dalit-dalitna manusa jeung kuda, dina ngingu kuda ogé aya sawatara pangawéruh pikeun mikanyaho ciri fisikna, malah mandar mawa atawa méré mawat (mangpaat jeung berekah) ka nu nginguna (nu bogana), nu disebut *caturangga*. Ari caturangga atawa katuranggaan téh asalna tina basa Sansekerta, catur = omongan, jeung turangga = kuda. Jadi, kaweruh pikeun mikanyaho tanda-tanda hadé goréngna watek kuda pikeun diingu. Kadieunakeun aya sawatara anggapan yén caturangga ogé sok dilarapkeun kana hadé goréngna hayam, manuk, domba, jeung sato séjénna (Kosasih, 2017, kc. 17)

Caturangga minangka kabeungharan tradisi nu perlu disurahan kalawan jembar minangka kaarifan lokal. Ti dinya bisa kapanggih yén manusa moal leupas ti lingkunganana minangka media patalimarga, tur tarapti dina ngalakonan hirup. Kitu deui sato nu salawasna dalit jeung manusa, kudu diajén, dijaga kalumangsungan hirupna minangka mahluk nu ngarojong dina galur kahirupan.

Hiji hal anu has tina kuda, nyaéta kamampuhna mikanyaho hiji objék sabudeureunana (Gaina & Foeh, 2019). Ieu hal dilantarankeun kuda babari dilatih pikeun rupa-rupa tujuan. Salasahijina nyaéta patali jeung kasenian. Di sababaraha tempat, kuda geus jadi objék seni anu bisa ngirut panitén nu nongton. Karakter gagah anu idéntik jeung watek kuda diadumaniskeun jeung éndahna seni sora sarta gerak nu ngahasilkeun kaéndahan, sarta ngahudang suka bungah manusa. Pon kitu deui anu nerap dina seni kuda rénggong.

Kasenian kuda rénggong mangrupa atraksi kuda nu bisa ngigel, nuturkeun kana wirahma tatabeuhan bareng jeung sakelompok juru ibing sarta masarakat umum nu méré réspon éstétik (Supriatna, 2014). Kasenian kuda rénggong nu asalna ti Kabupaten Sumedang ieu téh mimiti diciptakeun ku Ki Sipan, abdi dalem kadipatén Sumedang dina taun 1910 nalika jaman Pangeran Aria Surya Atmadja

(1882-1919) (Sartiyun, 1991, kc. 82). Ieu kaseninan kaasup kana wangun pintonan anu ngalibetkeun interaksi antara manusa jeung kuda dina hiji pintonan anu kebek ku simbolisme jeung ma'na. Kuda rénggong sering dipintonkeun dina rupa-rupa acara adat, sarta jadi simbol idéntitas budaya lokal. Kiwari, kasenian kuda rénggong mangrupa salasahiji warisan budaya nu geus jadi idéntitas masarakat Sunda, anu tina sajarah kamekaranana euyeub pisan ku ajén-inajén adiluhung ngeunaan filosofi kahirupan (Ali spk., 2024). Ajén-inajén anu dikandung dina kaseniam kuda rénggong aya patalina jeung spiritualitas, sabilulungan, gawé bareng, jeung gawé anu sosen-sosen. Ajén-inajén anu dikandungna nyaéta: spiritual/religius, interaksi antara sasama mahluk Pangéran, téatrikal, éstétika, gawé bareng, kakompakan jeung katartiban, sarta sosial. Ieu kasenian sacara teu langsung ngawangun karakter manusa/masarakat jadi leuwih hadé.

Luyu jeung robahna jaman nu geus aya dina puseur globalisasi, éksisténsi kasenian kuda rénggong ogé dina enes-enasna teu leupas tina dinamikana jaman. Sawatara tantangan anu disanghareupan teu leupas tina robahna minat ti nonoman, kurangna régenerasi, nepi ka persaingan jeung wangun hiburan séjén jadi hal anu bisa jadi ancaman kana éksisténsi kasenian kuda rénggong di Sumedang. Nu jadi puseur panitén téh nyaéta kasenian mibanda peran penting dina usaha mertahankeun hiji basa. Kasenian kuda rénggong mangrupa ékspresi budaya nu geus dianggap jadi hiji légitimasi konservasi basa Sunda dina ngajaga, maké, nepi ka jadi alat promosi basa Sunda nalika lumangsung pagelaranana. Salasahiji tarékah dina raraga preservasi basa Sunda nu aya dina kasenian kuda rénggong nyaéta ku cara ngahudangkeun kareueus kana ajén anu nyangkaruk dina ieu kasenian. Preservasi basa dina kuda rénggong, mangrupa kagiatan dina mertahankeun, ngajaga, miara, jeung ngamumulé sangkan ieu kasenian tetep lastari sarta hirup di masarakat, boh masarakat tempat medalna boh masarakat sabudeureunana. Ngahudangkeun rasa kareueus jeung kacinta kana seni kuda rénggong bisa ku sababaraha kagiatan diantarana, dipagelarkeun tuluy-tumuluy dina unggal generasi, ngayakeun rupa-rupa festival atawa kagiatan pagelaran kuda rénggong, jeung ngawanohkeun boh ku cara tinulis dina wangun artikel/jurnal boh ku cara lisan ku cara magelaran langsung atawa dina wangun video/pilem ka masarakat wewengkon luar.

Dina prosésina, kasenian kuda rénggong pinuh ku simbol anu euyeub ku siloka salaku tanda. Tétéla dina unggal tanda ogé nyangkaruk ajén luhung kasundaan anu baris diwariskeun kana memori koléktif ti seuweu siwi urang Sunda. Ku kituna, ieu panalungtikan baris diulik ku pamarekan semiotik anu museur kana tanda anu aya dina kasenian kuda rénggong, sarta ulikan étnopédagogik anu ngabéjérbéaskeun ajén kasundaanana.

Semiotika nyaéta élmu anu maluruh ngeunaan tanda (*sign*), pungsina tanda, jeung produksi ma'na. Tanda mangrupa hal anu pikeun jalma séjén miboga harti anu lain. Segala hal anu bisa katitén bisa disebut tanda. Ku kituna, tanda teu ukur nyoko kana barang, tapi ogé bisa kana hal séjén. Aya henteuna kajadian, struktur anu kapanggih dina sajeroeun hiji hal atawa kabiasaan bisa disebut tanda (Mudjiyanto & Nur, 2013, kc. 73). Semiotik anu dipaké dina ieu ulikan nyaéta semiotik ti Charles Sanders Peirce. Peirce nétélakeun semiotika mangrupa ulikan ngeunaan tanda katut sagala rupa anu patali jeung éta tanda. Peirce nyieun papasingan ulikan semiotika kana tilu hal, nyaéta *representamen*, *object*, jeung *interpretant* (Aryani & Yuwita, 2023, kc. 66). *Representament* nyaéta tanda atawa simbol anu ngawakilan hiji objék atawa konsép. *Representament* mangrupa hiji hal anu bisa dititénan ku pancaindra manusa (*perceptible*). Objék nyaéta hiji hal anu jadi sasaran, dititénan sarta ditalungtik. Dina élmu sémiotika objék bisa dihartikeun salaku hiji hal anu bisa diwakilan ku tanda atawa simbol, sarta mangrupa konsép atawa ma'na anu aya hubunganana jeung tanda.

Lian ti unsur hiburan, unsur atikan jadi hal anu onjoy dina kasenian kuda rénggong. Ku kituna, ulikan étnopedagogik dipaké dina ieu panalungtikan. Sacara basajan, étnopédagogik téh nyaéta atikan dumasar kana budaya lokal (etnografis) (Kartadinata dina Sudaryat, 2022, kc. 104). Udagan tina ieu modél atikan nyaéta ngawangun ajén-inajén budaya lokal salaku idéntitas kultural bangsa. Ulikan étnopédagogik dimangpaatkeun dina rupa-rupa wangun kahirupan di antarana, ajén atikan, kaagamaan, nilai ajén, jeung sosial.

Dina kamekaranana, panalungtikan ngeunaan kuda rénggong geus kungsi ditalungtik ku sababaraha urang. Tresia (2012) nyusun skripsi anu nu eusi panalungtikanana maluruh ngeunaan kumaha pungsi jeung kamekaran kasenian kuda rénggong di Sumedang. Lian ti éta, Lisnawati (2019) nyusun skripsi kalawan

judul *Dokumentasi Budaya Seni Kuda Rénggong di Sumedang*. Éta panalungtikan ngagunakeun pamarekan *action research* pikeun nyieun film dokuménter sarta ngadokuméntasikeun budaya seni kuda rénggong di Desa Mekargalih Kecamatan Jatinangor, Kabupaten Sumedang. Aya ogé sababaraha artikel jurnal ngeunaan kuda rénggong anu geus dipublikasikeun, contona Ruswandi (2017) nu nulis ngeunaan pamarekan pungsi tradisi kuda rénggong. Lian ti éta, Ali spk. (2024) nulis ngeunaan usaha konservasi kasenian kuda rénggong ngaliwatan média *hand drawing*. Cindekna, panalungtikan kuda rénggong anu museur kana ulikan semiotik jeung étnopédagogik can pernah aya nu maluruh. Ieu panalungtikan téh penting pikeun ngaguar sakaligus ngulik leuwih jero ngeunaan diménsi tanda jeung ajén étnopédagogik nu nyangkaruk dina kasenian kuda rénggong.

Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Kasenian Kuda Rénggong di Kabupaten Sumedang: Ulikan Semiotik jeung Ajén Etnopedagogik” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana latar tukang masalah anu geus dijelaskeun, kapanggih sababaraha pasualan anu perlu diidéntifikasi. Panalungtik ngaidéntifikasi sababaraha masalah, di antarana

- a. kasenian kuda rénggong di Kabupaten Sumedang miboga sajarah panjang anu mangaruhan kana kamekaran prosési pagelaranna;
- b. kasenian kuda rénggong di Kabupaten Sumedang miboga rupa-rupa pungsi jeung peran anu lumaku di masarakat;
- c. kasenian kuda rénggong di Kabupaten Sumedang euyeub pisan ku tanda nu miboga makna anu has; jeung
- d. kasenian kuda rénggong di Kabupaten Sumedang miboga ajén étnopedagogik anu luhung.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, masalah panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya di handap.

- a. Kumaha sajarah jeung prosési kasenian kuda rénggong di Kabupaten Sumedang?
- b. Fungsi jeung peran naon waé nu aya dina kasenian kuda rénggong di Kabupatén Sumedang?
- c. Unsur-unsur sémiotik naon waé nu aya dina kasenian kuda rénggong di Kabupaten Sumedang?
- d. Ajén étnopédagogik naon waé nu aya dina kasenian kuda rénggong di Kabupaten Sumedang?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan kabagi kana dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus anu baris dijéntrékeun masing-masing di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan miboga tujuan umum pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun ngeunaan kasenian kuda rénggong di Kabupaten Sumedang dumasar kana ulikan semiotik jeung étnopédagogik.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan sacara husus pikeun ngajelaskeun sababaraha hal, nya éta:

- a. sajarah jeung prosési kasenian kuda rénggong di Kabupatén Sumedang;
- b. fungsi jeung peran kasenian kuda rénggong di Kabupatén Sumedang;
- c. unsur-unsur sémiotik anu aya dina prosési kasenian kuda rénggong di Kabupatén Sumedang; jeung
- d. ajén étnopédagogik anu aya dina kasenian kuda rénggong di Kabupatén Sumedang.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Aya opat mangpaat nu dipiharep tina ieu panalungtikan nyaéta mangpat tioritis, mangpaat praktis, mangpaat kawijakan, jeung mangpaat isu jeung aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngeuyeuban jeung nambah élmu pangaweruh ngeunaan kasenian kuda rénggong di Kabupatén Sumedang dumasar ulikan sémiotik jeung étnopedagogik.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat hususna pikeun nu nalungtik, dunya atikan, jeung masarakat.

- a. Pikeun nu nalungtik, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan kasenian kuda rénggong di Kabupatén Sumedang.
- b. Pikeun dunya atikan, bisa dimangpaatkeun keur bahan ajar nu bisa numuwuhkeun rasa cinta ka lemah cai pikeun para siswa, sarta mikanyaho ngeunaan unsur sémiotik jeung étnopédagogik dina kasenian kuda rénggong di Kabupatén Sumedang.
- c. Pikeun masarakat, panalungtikan anu dilakukeun dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh hususna dina widang seni jeung tradisi, numuwuhkeun minat jeung karesep sangkan bisa ngamumulé tradisi kasenian kuda rénggong.

1.4.3 Mangpaat Kawijakan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan dasar kawijakan pamaréntah pikeun ngamumulé seni tradisi nu aya di tatar Sunda, hususna kasenian kuda rénggong di Kabupatén Sumedang.

1.4.4 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Mangpaat isu jeung aksi sosial dina ieu panalungtikan nya éta

- a. ayana parobahan sosial nu kawilang gancang, ku kituna nu ngalungtik bisa méré gambaran dampak sosial;
- b. ngaévaluasi dampak aksi sosial;
- c. ngarojong parobahan sosial anu positif;
- d. ngaronjatkeun kasadaran publik ngeunaan kasenian daérah, hususna kuda rénggong; jeung
- e. méré data jeung fakta anu réliabel.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan kabagi kana sababaraha bab, anu diwincik dina pedaran ieu di handap.

Bab I medar ngeunaan Bubuka. Bubuka kabagi kana kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II medar ngeunaan Ulikan Tiori. Dina ulikan tiori nu diguar naon anu dimaksud kasenian kuda rénggong, sémiotik jeung étnopédagogik sakumaha pamanggih para ahli dina éta widang, sarta kumaha dipakéna éta tiori énggoning ngulik data patali jeung tiori nyaéta ngeunaan kasenian, sémiotik; jeung étnopédagogik.

Bab III medar ngeunaan Méthode Panalungtikan. Dina ieu bab medar ngeunaan desain panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, jeung data jeung sumber data.

Bab IV medar ngeunaan Hasil analisis panalungtikan nu patali jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, katut tiori-tiori dina Bab II.

Bab V Pedaran analisis data dumasar kana hasil panalungtikan nu aya dina Bab IV.

Bab VI medar ngeunaan Kacindekan, Implikasi jeung Rékomendasi. Dina ieu bab dipedar kacindekan tina hasil panalungtikan katut implikasi jeung rékomendasi anu ditujukeun ka nu nyieun kawijakan jeung pihak séjén anu patali jeung ieu panalungtikan.